

# Paspò pou pwogram New Worlds Reading nan



2èm ane – 3èm ane

# Byenveni vwayajè/vwayajèz!



## Paspò sa a, se pou:

Prepare w pou yon avanti enkwayab! Li lè pou ou anbake tout afè w, epi pran wout la pou yon vwayaj pou al vizite divès kote ki enteresan, toupatou nan peyi Etazini. Chak mwa, w ap gen chans eksploré yon nouvo kote epi aprann tout bagay sou li.

Kidonk, mare senti sekirite w e...

- Dekouvri enfòmasyon ki enteresan anpil pandan vwayaj ou sou wout la!
- Fè aktivite ki amizan ki koresponn ak liv ou li yo!
- Make paspò vwayaj ou sou wout la ak yon otokolan pou chak nouvo kote ou vizite!

Epi, prepare w sètènman pou anpil amizman pandan tout vwayaj la! Verifye de (2) fwa pou ou wè si w te pran tout sa w bezwen, paske avanti ekstrawòdinè w la ap kòmanse depi kounye a!

# Itinerè vwayaj ou a atravè lekti:

## LISANS APRANTI



### Anvan ou pran wout la e anvan ou kòmanse li:

**Eksploré kouvèti a:** Eksploré kouvèti devan ak kouvèti dèyè a pou dekouvrir endis sou istwa enteresan ki annnan an!



### Pandan vwayaj ou a atravè lekti:

**Abiye yon fason ki konfòtab pou vwayaj la:** Jwenn yon kote ki konfòtab, epi plonje nan vwayaj lekti a.



**Pwofite moman poz yo pou w fè brase lide:** Pran poz pou ou pale sou istwa k ap dewoule a, epi pataje prediksyon ou yo.

**Eksploré karakteristik tèks la:** dekouvrir imaj ak ilistrasyon yo, pou ou ka konprann avanti a yon fason ki pi pwofon.



### Apre vwayaj ou sou wout la:



**Pwen ki gen rapò ak eksperyans pèsònèl:** Reflechi sou fason liv la konekte w ak pwòp eksperyans ou.

**Souvni mo yo:** Pale de nouvo mo yo, epi sonje yo kòm souvni ki soti nan vwayaj ou a atravè lekti.

**Planifye pwochen avanti a:** Ale nan bibliyotèk la pou w planifye pwochen lekti pasyonan w lan!

Eske w pare pou yon avanti ekstrawòdinè? Pran lisans apranti ou a, epi prepare w pou ou pran wout la! Ranpli fòmilè a ak enfòmasyon sou tèt ou, epi tache senti sekirite w pou yon vwayaj ekstrawòdinè, pou eksploré diferan vil toupatou nan peyi Etazini pandan tout ane a. Tache senti w pou vwayaj la!

**Non chofè a:**

---

**Laj li:**

---

### Kote vwayaj la ap kòmanse:

---

(vil ou a nan Eta Florid, Etazini)


### Kote mwen vle eksploré nan peyi Etazini:

- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_

Pare w pou ou navigate nan paj chak gress liv, youn apre lòt, pou w eksploré mèvèy Etazini yo!



1. Georgia
2. North Carolina
3. New York
4. Illinois
5. Louisiana
6. Texas
7. Utah
8. California
9. Hawaii



# Oktòb

**Ki kote:** rejon sidès Etazini  
**Non jwèt:** The Peach State (Eta fwi pèch la)

**Enfòmasyon ki enteresan:**

Atlanta se kote Martin Luther King Jr. te fèt, yon lidè ki te goumen pou egalite ak jistis.

**Bèt:** sèf ke blan, ekirèy gri ak tòti bwat.

Eksploré Georgia (Jewòji) kote yo kiltive pèch, e kote anbyans Sid la manifeste.

Lè w fin li liv ou a, chwazi yon pèsonaj epi ekri twa (3) mo, epi amize w nan fè deskripsyon mo sa yo. Pou fè sa, itilize prèv nan istwa a pou kore chwa w yo!

**Karakteristik pèsonaj la**

Tit istwa a: \_\_\_\_\_

Pèsonaj la: \_\_\_\_\_

Premye karakteristik: Dezyèm karakteristik:

Prèv ki soti nan tèks la: Prèv ki soti nan tèks la:

---



---




---



---



---



Kounye a, li lè pou w kite Georgia (Jewòji) ak anbyans agreyab li a toutotou fwi pèch la, pou w al dekouvrir bél mòn North Carolina (Kawolin Dinò) yo ak bél vil li yo, kote nouvo avanti ak dekouvèt ap tann ou!

# Georgia

# Novanm

**Ki kote:** rejon sidès Etazini

**Non jwèt:** Tar Heel State (Eta talon goudron an)

**Enfòmasyon ki enteresan:**

Blackbeard, pirat ki popilè anpil la, te vwayaje nan lanmè sa yo!

**Bèt:** lous nwa, sèf ke blan ak tòti bwat.

# North Carolina

Eksploré istwa rich North Carolina (Kawolin Dinò) ak bél mèvèy natirèl li yo, soti nan premye vòl Frè Wright yo rive nan Great Smoky Mountains.

Lè w fin li liv ou a, fè yon lyen ant yon bagay ou li ak yon bagay nan lavi w, nan yon lòt tèks, oswa nan mond ki antoure w la!

**Lè mwen te li...**


---



---



---



---

**Sa a se yon...**

- rapò ki genyen ant eksperyans pèsonèl ou ak tèks la
- rapò ki genyen ant tèks la ak yon lòt tèks ou te li anvan
- rapò ki genyen ant tèks la ak yon evènman nan mond lan



Kounye a, li lè pou ou kite ti mòn trunkil North Carolina (Kawolin Dinò) yo pou w al dekouvrir lari Nouyòk yo ki chaje ak aktivite! Prepare w pou nouvo avanti ak dekouvèt nan "Empire State" la!

# Desanm

**Ki kote:** zòn kòt lès Etazini  
**Non jwèt:** The Empire State (Eta Anpi a)

## Enfòmasyon ki enteresan:

Estat Libète a gen 354 mach ki mennen nan kouwòn nan.

**Bèt:** Se yon kote ki gen ekirèy, sèf, epi menm èg ki vole wo nan syèl la!

## Mo enteresan




Kounye a, di New York (Nouyòk) babay, pou w ka al viv plis avanti toujou. Fè yon gwo plan sou vil yo ki chaje ak amizman epi sou bél chan yo nan Eta Illinois (Ilinwa), tè Lincoln la.

# New York

Byenveni nan New York (Nouyòk) ki se yon vil enteresan, kote gwo gratsyèl ak avanti Central Park yo ap tann ou.



Lè w fin li liv ou a, chwazi twa (3) mo ou pa t konprann, epi tounen yon detektif nan zafè mo, poutèt w ap jwenn epi w ap ekri siyifikasyon yo! Pataje sa w jwenn ak yon granmoun.

## Kisa mwen panse mo a vie di

# Janvye

**Ki kote:** reyon midwès Etazini

**Non jwèt:** The Prairie State (Eta preri a)

## Enfòmasyon ki enteresan:

Springfield, kapital Illinois (Ilinwa), se kote Abraham Lincoln, yon prezidan ki enpòtan anpil, te abite.

**Bèt:** raton lavè, sourit silvès, ak lenks.

# Illinois

Dekouvri Illinois (Ilinwa), kote gratsyèl yo touche syèl la nan Chicago (Chikago) ak plantasyon mayi ki rive nan dènye distans kote je w ka wè.



Lè w fin li liv ou a, amize w nan desine afich pou yon fim! Imaginé ou fè istwa w la tounen yon fim, epi pataje chanjman enteresan ou ta fè pou kreye yon avanti ekstrawòdinè!

**Pou byento...**

(Tit)

Dapre yon liv ke \_\_\_\_\_ ekri.

(otè)

Yon istwa sou....

Avèk: \_\_\_\_\_

(Pèsonaj prensipal yo)

(Rezime)



Vwayaje soti nan lari Illinois (Ilinwa) yo ki chaje ak aktivite pou ale nan bayou Louisiana (Lwizyán) yo, kote gen anpil mouvman. Epitou, prepare w pou bél avanti ak bon manje!

# Fevriye

**Ki kote:** rejon sidès Etazini  
**Non jwèt:** The Pelican State  
(Eta pelikan yo)

**Enfòmasyon ki enteresan:**  
Yo rekonèt li kòm kote yo te  
envante mizik djaz!

**Bèt:** kayiman, kribich ak  
èg chòv.

# Louisiana

Eksploré bayou anime ak  
manje Louisiana (Lwizyàn)  
yo ki gou anpil. Se yon kote  
kayiman monte desann e  
mizik djaz ranpli lè a.

Lè w fin li liv ou a, konpare epi montre  
diferans ant anviwònman an ak lakay  
ou. Pandan w ap fe sa, eksploré jan yo  
sanble ak jan yo diferan.



# Mas

**Ki kote:** rejon sid peyi Etazini an  
**Non jwèt:** The Lone Star State  
(Eta ak gress etwal la)

**Enfòmasyon ki enteresan:**

Piman chili san pwa, se pla  
ofisyèl Eta Texas (Tegzas).

**Bèt:** Tatou nèf band nan, bèf  
kòn long Texas (Tegzas) la, ak  
chòvsouri meksiken an.

# Texas

Yee-haw! Byenveni nan  
Texas (Tegzas), kote  
gran espas anplennè ak  
istwa kòbòy ap tann ou.


Lè w fin li liv ou a, ekri yon rezime  
tou kout ki gen ladan lide prensipal  
la ak detay kle nan istwa a, pou  
pataje ak kamarad avanti w yo!



**TIT:** \_\_\_\_\_

**OTÈ:** \_\_\_\_\_

**Rezime:** \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_



Kounye a, w ap kite amizman Louisiana (Lwizyàn) yo dèyè, pou w  
kontinye vwayaj ou a jis Texas (Tegzas), kote gen bél espas anplennè ak  
moun byen senpatik ki pare pou pataje plizyè bél avanti ak istwa kòbòy!

Lè w fin kite gran peyizaj Lone Star State la (Eta ak gress etwal la) dèyè,  
prepare w pou dekouvrir de peyizaj fantastik, tankou wòch wouj Utah  
(Youta) yo ki se bél mèvèy, e kote bél avanti anplennè ap tann ou!

# Avril

**Ki kote:** reyon Iwès Etazini

**Non jwèt:** The Beehive State  
(Eta larich myè)

**Enfòmasyon ki enteresan:**

Utah (Youta) gen yon lak ki sale anpil, yo rele I Great Salt Lake (Gwo Lak Sale a). Ou ka flote sou dlo a tèlman li sale.

**Bèt:** Se yon kote ki gen dizwit espès chòvsouri.

Desine  
yon kouvèti  
liv

Byenveni nan Utah (Youta),  
kote gwo wòch wouj  
enpozan ak mòn ki gen lanè  
ap tann ou.

Lè w fin li liv ou a, imajine  
otè a te ekri yon dezyèm liv ak menm  
pèsonaj sa yo. Desine yon nouvo  
kovèti liv ki montre pwochen avanti  
eksitan pou eksplor peyizaj sovaj Utah  
(Youta) yo!



Se te yon bagay enteresan pou nou te eksplor bèl peyizaj Utah (Youta) yo, soti  
nan gran pon li yo ak bèl plaj li yo, ansanm ak kokenchenn pyebwa li yo!  
Kounye a, prepare w pou nouvo destinasyon w lan nan California (Kalifòni)!

# Utah

# Me

**Ki kote:** kòt Iwès Etazini

**Non jwèt:** The Golden State  
(Eta annò a)

**Enfòmasyon ki enteresan:**

Se twazyèm pi gwo Eta nan  
peyi Etazini

**Bèt:** lout lanmè, dofen ak lous.

# California

Eksplor California

(Kalifòni), kote gwo pye  
sekoya jeyan ak plaj ki  
gen bèl solèy ap tann ou.



Lè w fin li liv ou a, ekri twa (3)  
kesyon ou ta renmen poze otè a  
sou istwa a.

1. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_ ?

2. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_ ?

3. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_ ?

Anbake pou yon bèl vwayaj, soti nan plaj ki benyen ak bèl solèy  
California (Kalifòni) a pou rive nan maji twopikal Hawaii (Awaij) a, kote  
w ap ka di pwochen avanti w la "aloha"!

**Ki kote:** Oseyan Pasifik santral

**Non jwèt:** The Aloha State (Eta Aloha a)


**Enfòmasyon ki enteresan:**

Li fèt ak zile vòlkan fòme


**Bèt:** balèn, dofen ak fòk mwàn Hawaii (Awayi) a ki riske disparèt.

## Hawaii

Travèse gwo Oseyan Pasifik la nan Hawaii (Awayi) – moun Hawaii yo eple l' *Hawai'i* –, kote pwason ki chaje ak koulè danse anba dlo klè kou kristal epi vòlkan pentire tè a ak lav.



Lè w fin li liv ou a, chwazi pati ou pi renmen an epi mete lavi ladan. Pou fè sa, w ap kreye yon bann desine ki montre evènman yo nan lòd!



\*Li pa posib pou ale Hawaii (Awayi) nan machin, paske ant zile li yo ak Etazini kontinental la, gen yon distans ki plis pase 2400 mil (1 mil = 1,61 kilomèt) atravè Oseyan Pasifik la, e pa gen okenn wout ki releye yo!

Di "aloha" a maji twopikal Hawaii (Awayi) a! Vwayaje toupatou nan peyi Etazini, se yon gwo vwayaj! Kounye a, pran direksyon dènye etap la: Florid ki se lakay ou!

## Souvni vwayaj ou yo: pataje avanti w la!

Ou pare pou ou pataje tout avanti ekstrawòdinè sa yo avèk zanmi w ak fanmi w? Mete yo nan anbyans lan! Pou fè sa, ekri non twa (3) kote ou pi renmen yo.

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_

Anvan ou debake afè w yo, gen yon lòt bagay ki amizan ankò ki rete pou ou fè. Chwazi pi bon kote nan lis ou a. Li kesyon yo, epi pataje repons ou yo ak yon zanmi oswa yon manm fanmi w.

- Poukisa ou vle retounen la?
- Kiyès k ap vini avèk ou?
- Ki premye bagay ou pral fè lè w rive la?

# Jounal vwayaj eksploratè a oswa eksploratris la

Feyte paspò w la yon lòt fwa ankò, epi gade si w ka dekouvrir detay pou ranpli espas vid ki pi ba yo.

1. \_\_\_\_\_ se kote Martin Luther King Jr te fèt.
2. Piman chili san pwa, se pla ofisyèl Eta
3. \_\_\_\_\_ fèt ak zile vòlkan fòme.
4. \_\_\_\_\_ se twazyèm pi gwo Eta nan Etazini.
5. Frè Wright yo te fè premye vòl yo nan \_\_\_\_\_.
6. Springfield, kapital \_\_\_\_\_, se kote Abraham Lincoln, yon prezidan ki enpòtan anpil, te abite.
7. \_\_\_\_\_ gen yon lak ki sale anpil, yo rele li Gwo Lak Sèl la.
8. Yo di New Orleans (Nouvèl Òleyan), nan \_\_\_\_\_ se kote yo te envante mizik djaz.
9. Yo jwenn Estati Libète a nan \_\_\_\_\_.



(Kawolin Dinò) 6. Illinois (linwa) 7. Utah (vouta) 8. Louisiana (lwiyan) 9. New York (Nouyòk)

Repons: 1. Georgia (Jewojo) 2. Texas (Tegzaz) 3. Hawaï (Awyaï) 4. California (Kaliiforni) 5. North Carolina



new  
worlds  
reading }



778219